



Èd Finansye po Swen Medikal

Mèsi poutèt ou chwazi Pediatric Associates

Deklarasyon Entansyon: Pediatric Associates angaje li pou bay èd finansye pou fanmi pitit ou gen bezwen swen sante epi yo pa gen asirans, yo pa gen ase pwoteksyon asirans, oswa yo pa ka peye pou swen ki nesèsè pou rezon medikal pitit yo selon sityasyon ekonomik pa yo.

KONDISYON POU KALIFIKASYON

Si ou peye pou swen medikal pitit ou ki nesèsè, ou ka kalifye pou èd finansye si:

1. Ou te aplike pou avantaj Asistans Medikal epi li pa satisfè kondisyon pou kalifye yo
2. Ou se yon rezidan pèmanan peyi Etazini oswa yon etranje legal ki kalifye
3. Ou te fin itilize tout opsyon asirans li genyen yo
4. Ou te ranpli yon aplikasyon pou èd finansye pi li te bay tout dokiman ki obligatwa yo
5. Ou satisfè egzijans finansyè selon revni, byen, ak d'òt li dwe

Remak: Pou jwenn ou enfòmasyon sou admisyon ak pwosesis peman si yo pa sitwayen ameriken epi y ap viv deyò Etazini pandan yon ti tan, tanpri kontakte **Depatman Faktirasyon Pediatric Associates nan (888) 313-9010.**

Dat Efektif: 1ye Oktòb 2019

RÈGLEMAN:

Règleman konsènan Èd Finansye Pediatric Associates la respekte Misyon nou an nan bay sèvis medikal ki pi bon k pi konplè pou ou ak fanmi ou. Depatman Finansye Pediatric Associates la pral ede ou nan b ou enfòmasyon sou règleman sa a epi asire ou konprann sèvis sa a ki gen bagay tankou mo kle konsènan difikilte finansyè jan sa defini anba a:

- **Sèvis ki pa garanti yo:** Sèvis ki pa garanti yo defini tankou sèvis yo idantifye ki pa garanti kòm sèvis doktè a ap ofri nenpòt/pifò peyè jeneralman pa garanti.
- **Doktè ki p ap Patisipe:** Doktè ki p ap Patisipe a defini kòm, doktè ki pa fè pati rezo konpayi asirans pasyan an. Yo konsidere reklamasyon an pa patisipan epi pasyan an ap oblije peye poutèt li paske li pral responsab pou sèvis finansyè li resevwa yo.
- **Peman Pèsonèl:** Peman Pèsonèl defini kòm, yon pasyan ki peye pou sèvis pwofesyonèl swen sante a te bay ak pwòp lajan li epi li te kapab kredi, chèk pèsonèl, oswa chèk postal. Nan anpil ka pasyan an pa gen yon konpayi asirans ki apwopriye yo ka voye bòdwo ba li, asirans la pa egziste oswa li pa kalifye oswa li pa garanti sèvis yo te bay yo.



Èd Finansye po Swen Medikal

W ap jwenn paramèt pou plan peman yo sou tablo ki anba la a. Pou kalkile konbyen pou w peye chak mwa, ou dwe satisfè peman minimòm chak mwa a ak kondisyon montan maksimòm pou repeye a.

Pwòp lajan ou	Kondisyon montan maksimòm pou repeye	Minimòm peman chak mwa
\$50 oswa mwens	Peye tout kòb la nan 30 jou	Peye tout kòb la nan 30 jou
\$51-\$100	3 mwa	10% balans la
\$101-\$300	6 mwa	10% balans la
\$301-\$500	10 mwa	10% balans la
\$501-\$1,000	12 mwa	10% balans la

KÒMAN POU W APLIKE POU ASISTANS FINANSYÈ

Si ou satisfè kondisyon kalifikasyon ki endike anwo a, ou ka mande kijan pou w aplike nan nenpòt nan klinik Pediatric Associates nou yo. Ou kapab telechaje aplikasyon an sou sitwèb la www.pediatricassociates.com, klike sou (Forms & Billing) (Fòm & Faktirasyon) W ap bezwen soumèt tout dokiman nan biwo Biznis la nan yon delè 30 jou apre vizit pou detèminasyon an

Anplwaye Biwo Resepsyon Pediatric Associates yo: ap disponib pou ede w ak pwosesis aplikasyon an, anvan ou soumèt dokiman an tout fòm dwe ranpli nèt epi siyen. Si yo pasyan soumèt yon aplikasyon ki pa konplè, nou pral jenere yon lèt bay garan an ki mande plis enfòmasyon pou bay nan yon delè 30 jou.

ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN

Faks tout dokiman sipò yo bay: [Reprezantan Kont Pasyan](#)

(954) 965-7354

Imèl tout dokiman sipò yo bay: patientinquiry@pediatricassociates.com

Voye tout dokiman sipò yo bay: [Business Office](#)

8201 Peters Road, Suite 4100, Plantation, FL 33324